



Pou Piblikasyon Imedya: 14/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOPOZISYON POU KONBAT KRIM AK RANFÒSE SISTÈM JISTIS PENAL LA

Rasyonalize pwosesis dekouvèt la pou asire pwosè ekitab, mete fen nan reta pwosedi yo epi rann kriminèl yo responsab

Ranfòse kapasite repons Eta a pou konbat rezo kriminèl transnasyonal yo k ap opere sou fwontyè nò a

Konbat agresyon seksyèl ak vyolans domestik ak nouvo pwoteksyon pou ede sivivan yo

Fèmen brèch yo pou reprime chofè k ap kondwi sou enfliyans dwòg, pwoteje Nouyòkè yo sou wout la

Elaji kapasite teknolojik ak kowòdinasyon ajans fòs lòd yo pou amelyore prevansyon krim

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a pwopozisyon pou redwi krim ak ranfòse sistèm jistis penal la pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite nan kad diskou sou Eta Leta 2025 li a. Gouvènè Hochul pwopoze rasyonalize pwosesis dekouvèt la nan amande refòm yo te adopte an 2019, ajoute resous adisyonèl pou konbat rezo kriminèl transnasyonal yo, epi konbat agresyon seksyèl ak vyolans domestik.

"Sekirite piblik se pi gwo priyorite mwen, epi mwen pral toujou fè tout sa li nesesè pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan ke estatistik krim yo montre diminisyon enpòtan nan vyolans ak zam, gen plis travay pou fè pou kenbe tout Nouyòkè yo an sekirite. Se poutèt sa nou pral ranje lwa dekouvèt yo, atake gang transnasyonal yo epi sipòte sivivan agresyon seksyèl yo."

Rasyonalize pwosesis dekouvèt Nouyòk la

Redimansyone lyen ant lwa dekouvèt la ak lwa sou pwosè rapid la pou pwomote vrè jistis

Refòm dekouvèt Nouyòk la te entwodwi chanjman esansyèl pou amelyore jistis nan ka penal yo men te mennen nan konsekans enprevi. Kounye a, si pita yo konteste avèk

siksè konfòmite yon pwokirè fas ak dekouvèt la, tan ki genyen ant sètifikasyon ak defi a ap konte yon fason retwo-aktif kont pouwit jidisyè a, souvan sa ki lakòz revokasyon ki pa gen rapò ak merit ka a oswa legalite ankèt la. Brèch sa a ankouraje pa aksidan pou retade kontestasyon dekouvèt yo, pou yo ka fasilman rejte afè a pou rezon teknik. Pou abòde sa, Gouvènè Hochul pwopoze chanjman pou elimine ankourajman pou retade kontestasyon dekouvèt yo epi asire ke yo abòde erè dekouvèt yo nan yon fason ki pwopòsyonèl ak erè dekouvèt la li menm olye ke yo abòde li kòm yon mekanis teknik pou rejte yon afè nan tout entegralite li. Chanjman sa yo pral ankouraje revizyon alè ki pral amelyore tan pou trete ka yo, diminye reta ki kenbe moun nan prizon anvan jijman, epi anpeche ranvwa yo ki baze sou rezon teknik ki ka entèdi yo bay jistis pou viktim yo ak moun nan Eta Nouyòk yo.

Rasyonnalize ak klarifye kondisyon dekouvèt yo

Gouvènè Hochul pwopoze tou yon seri amelyorasyon pou rasyonnalize pwosesis dekouvèt Eta a. Premyèman, Gouvènè a pwopoze pou klarifye ke enfòmasyon ki egzije asinyasyon pou yo konparèt yo pa nesès pou sètifye konfòmite dekouvèt yo epi ke pwokirè yo ka sètifye yon fwa yo te divilge tout materyèl ki enpòtan nan posasyon reyèl yo. Apre sa, Gouvènè Hochul pwopoze elaji sijè yo abòde nan redaksyon otomatik pou enkli detay sansib tankou adrès fizik temwen yo ak done pèsònèl ki pa gen rapò ak ka a, sa k ap elimine nesèsite pou angaje nan litij ki long pou redije materyèl sa yo. Gouvènè Hochul pwopoze tou redwi egzijans pou bay yon avi 48 èdtan anvan yo ka prezante deklarasyon yon akize bay yon gran jiri a 24 èdtan. Sa a pral ede soulaje fado konte yo ki manke gran jiri pandan senk jou epi ki, pandan wikenn pwolonje yo, pa gen 48 èdtan anvan yo bezwen prezante yon ka bay yon gran jiri. Chanjman sa yo pral asire pwosedi jis, rasyonnalize pwosesis ka yo epi pwoteje enfòmasyon sansib yo.

Batay kont rezo kriminel transnasyonal yo

Ranfòse repons Eta a fas ak rezo kriminel transnasyonal yo

Nouyòk ap fè fas ak plis defi nan rezo kriminel transnasyonal k ap opere sou fwontyè nò a, ki gen ladan nivo sezi dwòg, zam, ak lajan ki elve. Pou abòde menas k ap grandi sa yo, Gouvènè Hochul pral ranfòse efò aplikasyon lwa yo nan ogmante kantite Polis Eta a ak investigatè kont teworis nan fwontyè nò a epi deplwaye teknoloji sofistike pou sipòte operasyon yo. Atravè efò sa yo ak Gwoup Travay Entè-Ajans sou Trafik Imen (Interagency Task Force on Human Trafficking) ranfòse a, Gouvènè Hochul pral konstwi investigasyon pou sibler epi rann responsab moun k ap travay nan non òganizasyon kriminel sa yo.

Konbat agresyon seksyèl ak vyolans domestik

Sipòte sivivan agresyon seksyèl yo, vyolans ki baze sou sèks ak trafik sèks yo

Sipòte sivivan yo rete yon pi gwo priyorite pou Gouvènè Hochul, pandan l ap kontinye dirije efò pou adrese agresyon seksyèl, vyolans domestik, vyolans ki baze sou sèks ak trafik sèks. Atravè investisman istorik ak inisyativ politik solid, Nouyòk ap fikse yon estanda nasyonal pou pwoteje sivivan yo epi kenbe delenkan yo responsab.

Anba lidèchip Gouvènè Hochul a, Nouyòk te ranfòse repons li yon fason konsiderab kont agresyon seksyèl ak vyolans domestik. Ane pase, eta a te investi 35 milyon dola pou amelyore efò sekirite piblik nan tout eta a ak 5 milyon dola nan èd dirèk pou sivivan yo ak pitit yo. Envestisman sa yo konplete pa mezi tankou kreyasyon yon sistèm pou retrase kit vyòl nan tout eta a ak yon premye etablisman estokaj prèv agresyon seksyèl nan peyi a, pou asire sivivan yo gen aksè a jistis ak resous yo.

Gouvènè Hochul te adopte inisyativ solid pou adrese vyolans ki baze sou sèks, tankou Lwa pou Sivivan Adilt yo ak pwoteksyon elaji kont move itilizasyon imaj entim yo. Efò sa yo apiye sou eritaj Nouyòk pou avanse pwoteksyon sivivan yo epi souliye angajman Gouvènè a pou ankouraje kominote ki an sekirite ak ekitab pou tout moun.

Eta a ap pran mezi pwo-aktif pou konbat trafik sèks epi sipòte sivivan yo. Nouyòk ranfòse lwa ak pwogram anti-trafik pandan l ap ogmante aksè ak sèvis ki ede sivivan yo rebati lavi yo. Inisyativ sa yo reflète devouman Gouvènè a pou pètibe rezo trafik yo epi asire sivivan yo resevwa sipò yo bezwen an.

Ane sa a, Gouvènè Hochul pral pouswiv yon ajanda konplè pou plis elaji repons Nouyòk bay kont agresyon seksyèl, vyolans domestik, vyolans ki baze sou sèks ak trafik sèks, sa k ap kontinye angajman san fay li pou sipòte sivivan yo.

Mande aksè ak medsen lejis ki resevwa fòmasyon nan tout lopital yo

Chak viktim vyolans seksyèl merite pi wo nivo swen lè yo rive nan yon lopital. Pou asire sa, Gouvènè Hochul pral pwopoze lejisasyon ki mande pou tout lopital yo bay aksè ak medsen lejis ki resevwa fòmasyon pou sivivan agresyon seksyèl yo, ki gen ladan sivivan pedyatrik yo. Aksè ak pwofesyonèl medikal ki resevwa fòmasyon sa yo esansyèl pou alafwa akonpanye sivivan yo atravè yon pwosesis ki emosyonèlman chaje ak pou kolekte prèv ki nesèsè pou rann jistis rapid bay otè krim yo. Yon etid sou 100 ka agresyon seksyèl ki te ale devan lajistis te jwenn ke prèske 75 pousan nan ka ki gen yon korespondans ak ADN, regilyèman kolekte pandan egzamen legal lopital yo, sa k te mennen nan yon pledwari kilpabiite oswa yon jijman konpare ak mwens pase youn sou twa ka san yon rapò laboratwa.

Gouvènè Hochul pral kontribiye tou finansman Eta a pou debloke sipò federal pou ogmante pousantaj ranbousman bay founisè swen sante yo pou depans egzamen legal yo ak pou tretman medikaman anti-VIH yo.

Ansanm ak aplikasyon lwa elaji Depatman Sante (Department of Health, DOH) a, ak envestisman nan asistans teknik ansanm ak òf fòmasyon elaji medsen lejis yo, mezi sa a pral ogmante estanda swen an, amelyore chans pou jistis nan ka agresyon seksyèl, ak pozisyone Nouyòk kòm yon lidè nasyonal nan abòde vyolans seksyèl.

Double finansman pou pwogram pou kriz kadejak yo

Anpil zòn nan Nouyòk manke aksè adekwa pou sèvis kriz vyòl, ak nèf konte ki pa gen okenn pwogram kriz vyòl sètifye nan limit konte a. Pou adrese diferans sa yo epi ranfòse pwogram ki egziste deja yo, Gouvènè Hochul pral aplike pi gwo ogmantasyon

finansman nan istwa pwogram nan. Envestisman sa a pral amelyore sèvis lopital ak nan kominote a, elaji pwoteksyon jewografik, asire sipò pou pwogram ki reponn sou plan kiltirèl ak amelyore aksè ak defansè pou sivivan agresyon seksyèl yo.

Elaji Rediksyon nan Vyolans Konjigal Sible nan tout Eta a (STRIVE)

Pou konbat vyolans seksyèl yon fason konplè, Gouvènè Hochul pral pwopoze elaji inisyativ Rediksyon nan Vyolans Konjigal Sible nan tout Eta a (Statewide Targeted Reductions in Intimate Partner Violence, STRIVE) an yon nouvo pwogram ki rele STRIVE+. Okòmansman li te lanse an 2024 pou adrese vyolans patnè konjigal ak domestik, STRIVE+ pral gen ladan kounye a agresyon seksyèl ak vyòl ki pa domestik. Administre pa Divizyon Sèvis Jistis Penal la (Division of Criminal Justice Services, DCJS), finansman pral sipòte avoka distri yo, fòs lòd yo, depatman pwobasyon ak founisè kominotè yo nan tout eta a. Vil Nouyòk ak konte k ap patisipe yo pral devlope plan konplè lè yo sèvi avèk estrateji ki baze sou prèv pou diminye vyolans seksyèl epi rann delenkan yo responsab. Ekspansyon sa a gen pou objektif pou bay sivivan yo sipò ki pi laj pandan y ap aplike mezi efikas pou konbat aresyon seksyèl.

Retire zam afe nan men moun k ap komèt vyolans domestik yo

Kounye a, lwa Nouyòk pa prevwa yon krim espesifik ki konfòm antyèman ak egzijans federal pou rapòte kondanasyon pou vyolans domestik bay Sistèm Verifikasyon Enstantane sou Antesedan Penal Nasyonal (National Instant Criminal Background Checks System, NICS) Biwo Envestigasyon Federal (Federal Bureau of Investigation, FBI) la, ki pèmèt kèk abizè evade restriksyon zam afe yo. Pou abòde sa yo pral kreye, yon nouvo deli "Vyolans Domestik" nan kad lwa penal la, ke yo ka pouswiv ansanm ak ofans ki egziste deja, pou asire yo otomatikman satisfè tout eleman ki nesèsè pou rapò federal yo. Chanjman sa a rasyonnalize pwosesis la, elimine ankèt faktyèl yo, epi asire ke abizè ki kondaneyo antre nan NICS la, sa ki anpeche yo gen aksè ak zam afe.

Kreye yon espas travay ki pi an sekirite pou sivivan vyolans ki baze sou sèks yo

Vyolans ki baze sou sèks afekte sekirite ak pwodiktivite viktim yo nan espas travay la, men pwoteksyon aktyèl yo nan kad Dekrè Egzekitif 17 la limite a sèlman anplwaye Eta a epi yo pa kodifye nan lwa a, sa ki fè yo vilnerab pou ewozyon alavni yo. Depi lè yo te pibliye a, Dekrè Egzekitif 17 te lakòz etablisman politik k ap mennen nan peyi a nan ajans Eta yo, fòmasyon pou plis pase 80,000 anplwaye Eta yo, ak asistans nan plis pase 100 ka, men anplwaye sektè prive yo pa gen menm pwoteksyon nan espas travay yo. Pou abòde sa, Gouvènè Hochul pral pwopoze lejislasyon pou kodifye politik sa a nan lwa eta a epi mande pou tout machann eta yo afime yo genyen yon politik vyolans ki baze sou sèks ak nan espas travay anvan yo resevwa kontra yo. Mezi sa yo vize pou elaji pwoteksyon anplwaye sektè prive yo, amelyore sekirite nan espas travay epi asire estabilite finansye pou viktim yo ak kòlèg travay yo.

Amelyore aksè ak aksistans piblik pou sivivan vyolans ki baze sou sèks yo

Sivivan vyolans domestik ak vyolans ki baze sou sèks ka fè fas ak baryè lè y ap aplike pou asistans piblik, paske sèten kondisyon elijiblite, tankou kolekte pansyon alimantè pou timoun, ka ogmante risk pou yo sibi domaj. Pandan ke lwa a pèmèt egzansyon pou sivivan vyolans domestik, pwosesis depistaj ki egziste deja depann sou distri yo k ap

evalye kredibilite sivivan yo, yon apwòch ki pa pran twomatiz an konsiderasyon epi ki ka dekouraje divilgasyon, sa ki kite sivivan yo san pwoteksyon kritik yo. Pou adrese sa, Gouvènè Hochul pral pwopoze lejislasyon pou elimine evalyasyon kredibilite a, sa ki pèmèt sivivan yo sètifye tèt yo ke konfòme yo ak règ elijibilite yo ta mete yo menm oswa pitit yo an danje. Anplis de sa, yo pral devlope yon zouti depistaj ki pi konplè pou pi byen idantifye enkyetid sekirite epi konekte sivivan yo ak sèvis ki nesèsè yo. Chanjman sa yo vize diminye estigma, amelyore aksè ak asistans piblik epi bay sivivan chemen ki pi an sekirite pou yo rive jwenn endepandans ak estabilite finansye.

Eliminasyon peryòd limitasyon pou ka trafik sèks yo

Malgre lefèt ke sivivan trafik yo ka retade divilgasyon bay fòs lòd yo pou anpil rezon ki fè sivivan vyòl yo ta fè sa, epi ke pafwa li pran plizyè ane pou sivivan trafik yo menm konnen ke yo te viktim trafik, peryòd limitasyon yo pou krim trafik yo pa te enkli nan chanjman lwa ki pwolonje ak elimine peryòd limitasyon pou krim seksyèl yo. Olye de sa, krim trafik Eta Nouyòk yo sijè a menm peryòd limitasyon senk ane ak lòt krim yo.

Gouvènè Hochul pral pwopoze lejislasyon pou bay sivivan trafik sèks yo menm pwoteksyon ak sivivan lòt ofans seksyèl Krim B lè yo retire peryòd limitasyon kriminèl pou trafik sèks ak trafik sèks kont timoun.

Ajoute klasifikasyon andikap entelektyèl kòm yon mwayen pou trafik

Yon etid nasyonal ki baze sou lekòl la montre timoun ki nan sèvis edikasyon espesyal gen de fwa plis chans pou yo viktim trafik, epi moun ki gen andikap mantal yo gen senk fwa plis risk konpare ak lòt elèv yo. Gouvènè Hochul pwopoze ajoute dispozisyon nan lwa penal la pou klasifye fòse yon moun ki gen yon andikap entelektyèl pou fè aktivite pwostitisyon kòm yon fòm trafik.

Reprime chofè k ap kondwi sou enfliyans dwòg

Ranfòse lwa kont moun k ap kondwi ak enfliyans dwòg yo

Kondwi sou enfliyans dwòg lakòz plis moun ki mouri nan tout eta a pase kondwi sou enfliyans bwason, men aplikasyon an rete difisil akòz lwa demode ak resous limite. Gouvènè Hochul pral pwopoze lejislasyon pou fèmen brèch kritik yo, tankou elaji linivè sibstans ke yo ka pouswiv, otorize penalite pou moun ki refize patisipe nan tès, pèmèt sispansyon rapid lisans pou moun ki kondwi sou enfliyans dwòg, ak elaji sikonstans kote yo ka enpoze tès chimik yo. Plan an gen ladan tou ogmante fòmasyon pou fòs lòd yo ak eksplòre itilizasyon zouti amelyore pou depistaj woutye ak toksikoloji pou amelyore kapasite aplikasyon lwa yo. Mezi sa yo pral ekipe fòs lòd yo pou pi byen abòde pwoblèm k ap grandi konsènan moun k ap kondwi sou enfliyans dwòg.

Elaji teknoloji ak kapasite kowòdinasyon pou fòs lòd yo

Elaji sipò pou pataj entèlijans ak kowòdinasyon ant ajans

Sant Analiz kont Krim (Crime Analysis Centers, CAC) yo enpòtan anpil pou prevansyon krim ak sekirite piblik nan Nouyòk, yo bay zouti enpòtan tankou analiz pwen cho ak sipò ankèt an tan reyèl bay fòs lòd yo nan tout eta a. Anba lidèchip Gouvènè Hochul,

finansman CAC te triple, epi rezo a te vin ogmante a 11 sant atravè eta a. Anplis de sa, yo te etabli Sant Operasyon Sekirite Konjwen (Joint Security Operations Center, JSOC) nan tout eta a kòm yon sant sibèsekirite 24/24, 7/7 pou kowòdone repons fas ak menas sibè yo. Apati siksè sa yo, Gouvènè Hochul pral pwopoze kreyasyon Katye Jeneral Kòmandman Operasyon Espesyal Konjwen ak Analiz sou Krim (Crime Analysis and Joint Special Operations Command Headquarters, CA-JSOC) nan Eta Nouyòk — sa k ap double envestisman Eta a. Premye katye jeneral nan nasyon an pral ini plis pase 100 ajans lokal, eta ak federal pou retrase tandans krim yo, pataje entèlijans ak kowòdone repons an tan reyèl, pou amelyore davantaj sekirite piblik atravè Eta Nouyòk.

Garanti plis finansman pou Teknoloji pou Fòs Lòd yo

Ane pase a, Gouvènè Hochul te bay finansman rekò pou sibvansyon Teknoloji pou Fòs Lòd yo (Law Enforcement Technology, LETECH) pou sipòte ajans yo nan tout eta a nan jwenn teknoloji ak ekipman enpòtan pou amelyore prevansyon krim ak angajman kominotè. Pou asire patnè fòs lòd yo kontinye gen aksè ak zouti ki nesèsè pou pwoteje Nouyòkè yo, Gouvènè Hochul pral garanti plis finansman pou pwochen seri sibvansyon LETECH yo. Envestisman sa a pral ranfòse sekirite piblik ak amelyore konfyans ant fòs lòd yo ak kominote y ap sèvi yo.

Abòde kòz prensipal krim yo

Sipòte kominote ki an sekirite ak dinamik

Gouvènè Hochul pral abòde ogmantasyon pousantaj krim nan Bronx atravè Plan Aksyon Gouvènè a pou Sekirite Katye, ke Divizyon Sèvis Jistis Penal la ap dirije. Inisyativ sa a pral mande yon apwòch global nan sekirite piblik lè li abòde kòz prensipal krim yo, tankou devlopman jèn ak opòtinite kominotè yo. Yon eleman kle pral sipòte inisyativ prevansyon vyolans kominotè k ap ogmante a pou bay aktivite pro-sosyal, sa k ap ankouraje katye ki pi an sekirite ak an sante.

Redwi residivis gras ak inisyativ jistis inovan yo

Ondans repete yo kontribye anpil nan to krim jeneral nan Nouyòk, ak pousantaj residivis ki rive jiska 80 pousan pou moun ki soti nan prizon. Anba lidèchip Gouvènè Hochul la, pwogram tankou Soti nan Prizon Ale Travay (Jails to Jobs) te redwi rezidivis lè yo konekte moun ki te deja nan prizon yo ak opòtinite edikasyon ak travay. Bati sou pwogrè sa a, Gouvènè Hochul pral elaji fòmasyon nan enèji vèt ak endistri dirab epi amelyore pwogram ankourajman pozitif tankou tan merit pou amelyore siksè reyensèyon an.

###

Lèt nouyèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)